



## Retire yon rekonesans Patènité

Nenpòt paran ka retire AOP a nan lespas 60 jou apre siyati. Paran minè yo ka depoze yon petisyon pou retire AOP a nan lespas 60 jou apre laj 18 ane. Gen kèk eksepsyon nan règleman sa yo si nenpòt paran enplike nan yon pwosè tribal ki gen rapò avèk timoun nan.

## Paran Imigran yo

Pwogram sipò timoun nan pa pataje enfòmasyon patènité ak sipò pou timoun avèk otorite imigrasyon federal yo. Fòm rekonesans Patènité a mande nimewo Sekirite Sosyal pou toulède paran yo, men yonsèl paran ka ranpli fòm nan si youn oswa toulède paran yo pa gen pwòp nimewo sekirite sosyal valab yo.

Paran yo pa bezwen bay enfòmasyon sou rezidans, kondisyon imigrasyon, oswa sitwayennete yo nan fason pou etabli patènité.

Si patènité a etabli e non papa sou batistè a, manman an dwe montre ke papa a bay pèmisyon anvan li otorize pou kite peyi a avèk timoun nan.

***Chak timoun bezwen sipò emosyonèl ak finansye nan men toulède paran yo—menm si yap viv separe oswa yo pat janm marye.***

**childsupport.ny.gov**  
**888-208-4485 (TTY 866-875-9975)**



**otda.ny.gov**

Pub-4719 HA (Rev. 08/15)

# Etabli Patènité



**Kisa Paran yo bezwen konnen**  
***Etabli patènité enpòtan pou manman yo, papa, epi enpòtan ankò, pitit yo.***



## Etabli Patènité

Si paran yon timoun pa legalman marye nan moman nesans lan, lwa pa rekonèt papa kòm papa legal timoun nan e li pa ba li okenn dwa oswa responsabilite pou timoun nan. Ou ka pran mezi kidonk papa byolojik li ka vini papa legal, se sa ki osijè pou etabli patènité.

Vin papa legal pitit ou pa vle di otomatikman ke ou pral peye sipò timoun oswa wap gadyen legal oswa wap genyen vizit avèk pitit ou. Kesyon gadyen legal ak vizit egzije yon odyans tribunal separe apa pou etabli patènité oswa sipò timoun.

## Poukisa patènité enpòtan anpil konsa?

### Pou timoun nan:

- Etabli yon dosye legal idantite pou toulède paran yo.
- Asire ke non papa sou batistè timoun nan.
- Aksè a enfòmasyon sou istwa medikal fanmi.
- Jwenn sipò finansye nan men toulède paran yo, enkli sipò timoun, sekirite sosyal, benefis veteran, alokasyon militè, ak eritaj.
- Gen aksè a asirans sante oswa lavi nan men nenpòt paran yo, si disponib.

### Pou manman an:

- Ede nan pataje responsabilite paran.
- Amelyore sekirite finansye pou timoun nan.
- Gen aksè a asirans medikal pou timoun nan, si disponib.

### Pou papa:

- Etablisman legal dwa paran ak non ki sou batistè timoun nan.
- Dwa pou chèche gad legal oswa vizit daprè yon òdonans tribunal.
- Dwa pou jwenn enfòmasyon oswa pou di yon mo nan pwosesis adopsyon.
- Pwoteksyon dwa si manman vin pa ka pran swen timoun nan ankò.

## Nan ki de fason yo etabli patènité?

### Rekonesans volontè patènité

Paran ki pa marye yo gen chwa pou siyen yon fòm ke yo rele Rekonesans Volontè Patènité Voluntary Acknowledgment of Paternity (AOP) (ki disponib nan lopital lokal yo, biwo sipò timoun lokal konte a ak biwo lokal rejis batistè timoun). Ou pap peye pou sa, metòd pratik ak senp, men se pa tout moun ki kalifye pou itilize l. Asire ke ou li fòm AOP a avèk anpil atansyon paske li gen menm fòs legal tankou yon òdonans tribunal.

Sa ki annaprè a se egzanp lè koup yo pa siyen AOP a:

- Si manman te marye legalman avèk yon moun nan moman li te ansent oswa pandan gwo sès la pou jiskaske tibebe a fêt.
- Si manman an separe e li pa legalman divòse avèk konjwen l.
- Si gason an gen dout sou patènité a.

Si ou gen kesyon, mande founisè medikal ou, travayè sosyal sipò timoun nan, biwo rejis lokal la, avoka w, oswa vizite sitwèb sipò timoun nan [childsupport.ny.gov](http://childsupport.ny.gov).

### Depoze yon Petisyon pou Patènité

Si ou chwazi oswa bezwen etabli patènité atravè odyans yon tribunal familyal, tribunal la ka mande tès ADN pou detèmine papa timoun nan. Tès sa enplike manman, timoun nan, e swadizan papa ap prale nan yon lokal yo chwazi kote yon teknisyen laboratwa ap fwote yon tij koton pa andean bouch chak moun. Yap voye rezulta nan tribunal la. Tès ADN se fason ki pi presiz pou detèmine papa yon timoun.